# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता

# यीशु अउर जक्कई




लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Ruth Klassen


कहानी 53 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children,*** *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri



एक दिन, यीशु यरीहो से होके जात रहलें। इ शहर के बहुत समय पहिले यहोशू द्वारा नष्ट कर दिहल गइल रहे। अब एके फिर से बनावल गइल रहे अउर उहाँ बहुत लोग रहत रहलें । उनमें से जक्कई नाम क  एगो आदमी रहे।

1



शायद यरीहो में अन्य लोग उनके पसंद ना करत रहलन काँहे से कि उ लोगन से चुंगी क पइसा वसूलत रहलन। जक्कई ओ धनराशि में से कुछ सरकार के भेज देत रहलन - लेकिन बहुत कुछ अपनी खातिर रख लेत रहलन।

2


एगो चुंगी इकट्ठा करे वाला होइला की नाते जक्कई बहुत धनी बन गइल रलहन। शायद उनकर घर उनकी ब्लॉक में सबसे बड़ अउर सबसे बढ़ियाँ रहे।
3
लेकिन उ एगो नाटा पुरुष रहलन, पइसा से नाटा नाहीं, लेकिन कद में नाटा रहलन। जक्कई अन्य लोगन की सामान लमहर ना रहलन।
4
जक्कई सुनले रहलन कि यीशु यरीहो में बाड़न, तअ ई नाटा चुंगी लेबे वाला नासरत की यीशु के देखल चाहे लगलन। उ, जे परमेश्वर क बेटा होखे क दावा करत रहलन। लेकिन बहुत ज्यादा भीड़ रहल ... लमहर लोग घेरले रहलें।
5
जक्कई के एगो उपाय आईल! यदि उ भीड़ की आगे जाके, एगो पेड़ पर चढ़ जइहन, जेवन सड़क पर झुकल बा तब उ यीशु के देख पइहें।
6
एगो गूलर की पेड़ पर चढ़ गइलन, जक्कई शाखा में से एगो आरामदायक टहनी के पाके ओहि पर बइठ के यीशु की अइला क प्रतीक्षा करे लगलन। "हम बहुत अच्छा से देखे पाइब" उ सोचत रहल होइन। "हमके उ ना देख पइहन पर हम उनके देख लेइब।"
7
"जक्कई, जल्दी करअ अउर नीचे उतर के आ जा" नाटा चुंगी लेबे वाला अपनी कानन पर विश्वास ना कइले होइहन। यीशु पेड़ की नीचे खड़ा रहलन। यीशु ओ के देखत रहलन। यीशु ओ के बोलावत रहलन!
8













यीशु अउर जक्कई

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

लूका 19

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के धरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !